

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK JEWOGRAFI MONN LAN II

Mèkredi 17 jen 2026 — 1:15 pou rive 4:15 pm, sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non w ak non lekòl ou a sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou a. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou dwe reponn **tout** kesyon nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II ak III.

Pati I an gen 28 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen de seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen de dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou a pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

Pati III a gen yon kesyon redaksyon ki baze sou senk dokiman. Ekri repons ou a pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo yon fason ilegal anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU W FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.

. . . Komès byen aktif peyi Benen te alimente siksè l. Komèsan ak atizan ki soti Benen yo te devlope relasyon ak Pòtigè yo, ki t ap chèche travay atistik, lò, ivwa ak pwav wayòm nan. Nan kòmansman peryòd modèn nan, Benen te patisipe anpil tou nan komès esklav ann Afrik de Lwès la. Yo te konn kaptire gason, fanm ak timoun nan men pèp rival epi vann yo kòm esklav bay achtè Ewopeyen ak Ameriken. Komès sa a te bay wayòm nan yon sous richès enpòtan. . . .

Sous: "The Kingdom of Benin (Wayòm Benen an)," *National Geographic*, 9 jen 2020

1 Ki deklarasyon sou Benen ki pi byen sipòte nan pasaj sa a?

- (1) Atizan li yo te pwodui machandiz pou itilizasyon domestik sèlman.
 - (2) Li t ap mennen yon gè kont Pòtigal.
 - (3) Richès li te soti nan agrikilti plantasyon.
 - (4) Li te angaje nan gwo rezo komès.
-

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 2 ak 3.

Malerezman, dènye gwo chèf Mogòl la [Mughal], Aurangzeb, te kont tolerans relijye. Aurangzeb, yon Mizilman devwe epi yon Piriten nan abidye li, te meprize mizisyon, atis ak istòri nan lakou wayal la. Li te dekouraje powè yo, ki te "vann manti"; li te entèdi aprann listwa, sa ki te "pwovoke santiman fyète san nesesite"; epi li te siprime bwè alkòl ak jwèt aza. Kanpay militè li yo te fini ak resous li yo. Li te revoke grefye Endou ki te nan sèvis li yo tou epi li te remete yon taks sou tout "moun ki pa kwayan" yo. Mezi opresif sa yo kont Endou yo te petèt zak ki pi destriktif nan rèy li a, paske souvni règ opresif Aurangzeb la te rete nan lespri Endyen Endou yo pandan plizyè jenerasyon. Lè li te mouri an 1707, Anpi Moghul la te sou wout pou kraze. Britanik yo te vini pou konble vid pouvwa a.

Sous: Donald J. Johnson et al., *Through Indian Eyes (Atravè je Endyen yo)*, Apex Press, 1999 (adapte)

2 Ki deklarasyon pasaj sa pi byen sipòte?

- (1) Menas Britanik la te ini Endou ak Mizilman nan ane 1700 yo.
- (2) Kanpay militè Aurangzeb yo te pote pwosperite pou Mizilman nan peyi Lend.
- (3) Rèy Aurangzeb la te karakterize pa entolerans ak opresyon anvan Endou yo.
- (4) Fen Dinasti Mogòl la te make pa pwogrès nan aprantisaj ak etid.

3 Dapre pasaj sa a, ki sitiyasyon ki te rezilta aksyon Aurangzeb yo nan peyi Lend?

- (1) Britanik yo te pwofite opòtinite a pou ogmante pouvwa yo nan peyi Lend Mogòl la.
- (2) Piriten peyi Lend yo te leve kont Mizilman yo.
- (3) Chèf Mogòl yo te limite komès Ewopeyen an nan yon sèl pò.
- (4) Dinasti Mogòl la te rete fò nan peyi Lend.

Sèvi ak pasaj ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 4.

. . ."De Trete sou Gouvènman" yo (1690) te prezante teyori politik Locke te devlope epi rafine pandan ane li te pase bò kote Shaftesbury. Lè li te rejte dwa divin wa yo, Locke te di sosyete yo fòme gouvènman yo pa yon akò mityèl (epi, pou jenerasyon ki vin apre yo, yon akò enplisit). Kidonk, lè yon wa pèdi konsantman moun l ap gouvène yo, sosyete a ka retire l—yon apwòch yo site prèske mo pou mo nan Deklarasyon Endepandans Thomas Jefferson nan an 1776. Locke te devlope tou yon definisyon pwopriyete kòm pwodwi travay yon moun, yon konsèp ki t ap vin tounen yon baz fondamantal pou kapitalis Adam Smith ak sosyalis Karl Marx la. Locke te ekri avèk anpil renome ke moun gen twa dwa natirèl: lavi, libète ak pwopriyete. . . .

Sous: "John Locke," History, 2009

4 Pasaj sa a t ap pi itil pou yon moun k ap eseye pwouve

- (1) enpòtans panse Syèk Limyè a nan sipòte dwa diven wa yo
 - (2) enfliyans ide Syèk Limyè yo sou mouvman politik ak ekonomik nan lavni yo
 - (3) enfliyans Syèk Limyè a sou ranfòsman pouvwa absoli
 - (4) rejè ide Syèk Limyè tankou dwa natirèl yo
-

Sèvi ak pasaj anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

. . .Plent samurai yo te vin pi grav ak evènman ki te dewoule nan premye dizèn ane diznevyèm syèk la. Move rekòt nan ane 1830 yo te lakòz gwo grangou, maladi ak lanmò toupatou. Pwoblèm yo te patikilyèman grav nan pati pòv nan nòdès peyi a. Lè otorite yo pa t rive bay ase sekou, manifestasyon peyizan yo te vin pi plis e pi grav. An menm tan an, lidè Japonè yo t ap gade ak kè sote pandan Britanik yo t ap detwi gwo anpi Qing nan Lachin nan premye Lagè Opiyòm yo an 1839-1842. Apre sa, lòt pisans Oksidantal yo te "koupe Lachin tankou yon melon". Japonè yo te deja repouse [reziste] avans Larisi yo nan ane 1790 yo ak nan kòmansman ane 1800 yo epi Britanik yo nan ane 1820 yo. Nan ane 1840 yo, li te sanble pwobab pou Ameriken yo ta eseye "louvri" Japon. An 1853, yon delegasyon naval ameriken ki te dirije pa Komodò Matthew C. Perry te rive ak demann ki soti nan men Prezidan Ameriken Millard Fillmore. Fillmore te egziye pou Japon dakò pou l gen relasyon komèsyal ak diplomatik ak Etazini. Yo te bay chogoun nan sis mwa pou egzamine demann Perry a. Obsèvatè yo, sitou pisans *daimyō*, te wè ke chogouna pa t gen okenn nouvo ide sou fason pou jere menas etranje a, alewè pou pwoblèm domestik yo ki t ap devaste peyi a. Finalman, ofisyèl chogoun yo te dakò, malgre dezapwobasyon anperè a, pou siyen trete komès ak diplomasi ak Etazini. Menm jan ak nan Lachin, kondisyon yo te bay gwo avantaj pou pisans Oksidantal yo. Japon te fè bak pou vin gen yon estati semi-kolonyal. . . .

Sous: Marcia Yonemoto, "Tokugawa Japon" (Tokugawa Japon), The Program for Teaching East Asia, University of Colorado

- | | |
|--|---|
| <p>5 Youn nan gwo chanjman ki te fèt nan Japon kòm rezilta evènman pasaj sa a dekri, se te</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) devlopman trete ki te egal (2) yon ogmantasyon nan efò pou modènize (3) yon ogmantasyon nan pisans klas samurai a (4) ranfòsman politik izolasyonis yo | <p>6 Pasaj sa a pi itil pou etidye</p> <ul style="list-style-type: none"> (1) fason pou mete fen nan manifestasyon peyizan yo (2) rezon ki fè Chogouna a te pran pouvwa (3) fason Qing yo te mennen kanpay militè yo (4) efè enperyalis Oksidantal la |
|--|---|

Sèvi ak diskou pi ba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

. . . An Ilann, sitou, pèdi manje abityèl pèp la te lakòz gwo soufrans, maladi, epi yon ogmantasyon sevè nan kantite moun ki mouri nan mitan klas pòv yo. Zak vyolans yo vin pi souvan, sitou kont pwopriyete, epi transpò pwovizyon yo vin danjere nan kèk pati nan peyi a. . . .

Sous: Queen Victoria (Rèn Victoria), Speech to Parliament (Diskou devan Palman an), 19 janvye 1847

7 Ki moun ki te plis souffri nan sikonstans yo dekri nan diskou sa a?

- (1) lidè gouvènman yo (3) fèmme yo
(2) maren komèsyal yo (4) pwopriyete biznis yo

8 Sitiyasyon ki dekri nan diskou sa a te lakòz

- (1) emigrasyon an mas
(2) yon repons mondyal inifye
(3) yon tranzisyon ale nan agrikilti kominotè
(4) aplikasyon gwo refòm politik yo

Sèvi ak desen komik ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.

VRÈ PWOBLÈM NAN AP VINI AK "REVEYE" A.



Sous: Joseph Keppler Jr., *Puck*, 15 out 1900 (adapte)

9 Ki evènman enpòtan ki te enfliyanse kreyasyon desen sa a?

- (1) siyati yon seri trete inegal ant Lachin ak pisans Oksidantal yo
- (2) kreyasyon yon entèvansyon miltinasyonal pou pwoteje enterè Chinwa yo
- (3) fondasyon Repiblik Lachin nan avèk Sun Yixian [Sun Yat-sen] kòm prezidan
- (4) etablisman yon alyans ant Lachin, Etazini ak Grann Bretay

10 Kisa bèt ki antoure Lachin yo senbolize nan desen sa a?

- (1) nasyon k ap chèche avantaj ekonomik yo
- (2) alye ki ofri èd bay Dinasti Qing yo
- (3) peyi rival pandan Dezyèm Gè Mondyal la
- (4) peyi ki enpòte opyòm yo

Sèvi ak dokiman ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.

Atik 119

Almay renonse [li rann tèt li] an favè Prensipal Pisans Alye ak Asosye yo tout dwa ak tit li yo sou byen li yo aletranje. . . .

Atik 231

Gouvènman Alye ak Asosye yo afime [rekonèt] epi Almay aksepte responsablite Almay ak alye li yo pou tout pèt ak domaj [pou Premyè Gè Mondyal] ke Gouvènman Alye ak Asosye yo ak sitwayen yo te sibi kòm konsekans gè ki te enpoze sou yo pa agresyon Almay ak alye li yo. . . .

Sous: Treaty of Versailles (Trete Vèsay), 28 jen 1919

11 Nan ki objektif yo te ekri dokiman sa a?

- (1) pou bay ansyen posesyon Alman yo aletranje endepandans
- (2) pou sipòte rekonstriksyon lame Alman an
- (3) pou fòme yon alyans pèmanan ak Almay
- (4) pou pini Almay pou wòl li nan Premyè Gè Mondyal

12 Ki sitiyasyon ki te rezilta atik sa yo?

- (1) Moun an Frans te mande dwa pou vote nan eleksyon demokratik yo.
- (2) Ransantiman an te mennen nan monte Pati Nazi a.
- (3) Yo te bay Almay min chabon pou peye domaj yo.
- (4) Gouvènman alye yo te responsab pou Premyè Gè Mondyal.

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 ak 14.

. . .An 1930, Gandhi te dirije yon mach 240 mil kont moun monopoli Britanik yo sou pwodiksyon sèl. Objektif li se te pou mennen moun k ap mache yo nan lanmè a, nan vilaj kotyè Dandi, nan Gujarat, kote yo ta pral ekstrè sèl ilegalman nan dlo lanmè a. Gandhi te kite achram nan [retrèt relijye] ak yon ti ponyen disip, men, pandan pwosesyon an t ap travèse peyi Lend, plis moun te rantre nan manifestasyon an, sa gen ladan l repòtè jounal etranje ak ekip repòtaj videyo yo. Kanpay Sèl la, ki te rapòte atravè lemond, te pote anpil sipò pou kòz libète Endyen an. Lè yo te fèmen Gandhi ankò an 1932, li te fè yon grèv grangou pandan sis jou pou pwoteste kont fason yo t ap trete moun yo rele entouchab yo, [dalit yo]. An 1933, li te fè yon grèv grangou pandan venteyen jou, yon aksyon ki te pouse otorite yo lage l, paske yo te pè ta gen yon leve kanpe si Gandhi te mouri pandan li te nan prizon.

Sous: Alan Axelrod, *Profiles in Audacity (Pwofil nan Audacity)*, Sterling Publishing, 2006

13 Aksyon Gandhi te poze yo, ki dekri nan pasaj sa a, gen yon lyen ki pi sere avèk

- | | |
|------------------------|----------------------|
| (1) dezobeyisans sivil | (3) globalizasyon |
| (2) netralite | (4) tolerans relijye |

14 Pasaj sa a pi itil pou konprann

- (1) tansyon ant peyi Lend ak Pakistan
- (2) kòz Rebelyon Sepoy la
- (3) efè sistèm kas Endyen an te genyen sou lavi chak jou nan peyi Lend Britanik la
- (4) fason nasyonalis yo te defye enperyalis Britanik la

Sèvi ak desen ki pi ba a ak sa w konnen nan syans sosyal pou w reponn kesyon 15 ak 16.

PAKOU KI MENNEN NAN LAGLWA



Sous: David Low, *Evening Standard*, 8 jiyè 1936 (adapte)

15 Ki aksyon ki pi responsab pou sitiyasyon ki dekri nan desen sa a?

- (1) Sovyetik yo pran kontwòl Ewòp Oksidantal
- (2) gwo grangou fòse nan peyi Ikrèn
- (3) apezman lidè Ewopeyen yo
- (4) eliminasyon Trip Alyans lan

16 Youn nan rezilta evènman yo dekri nan desen sa a se te

- (1) Konferans Bèlen an
- (2) Konferans Lapè Pari a
- (3) Gran Depresyon an
- (4) envazyon Polòy

Sèvi ak dokiman ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17.

II. JIRIDIKSYON AK PRENSIP JENERAL

Atik 6 . . .

(b) **KRIM LAGÈ**: sètadi, vyolasyon lwa oswa koutim gè yo. Vyolasyon sa yo ap gen ladan yo, men se pa sa sèlman, asasina, move tretman oswa depòtasyon popilasyon sivil pou fè travay esklav oswa pou nenpòt lòt rezon nan teritwa okipe a, nan teritwa okipe a, asasina oswa move tretman prizonje gè oswa moun sou lanmè, touye otaj, piyay pwopriyete piblik oswa prive, destriksyon vil, bouk oswa vilaj san rezon, oswa devastasyon ki pa jistifye pa nesesite militè;

(c) **KRIM KONT LIMANITE**: sètadi, asasina, ekstèminasyon, esklavaj, depòtasyon, ak lòt zak brutal ki komèt kont nenpòt popilasyon sivil, anvan oswa pandan gè a; oswa pèsekisyon sou baz politik, rasyal oswa relijye nan ekzekisyon oswa an koneksyon avèk nenpòt krim ki nan jiridiksyon Tribinal la, kit se an vyolasyon lalwa domestik peyi kote li te komèt la oswa non. . . .

Sous: Charter of the International Military Tribunal (Konstitisyon Tribinal Militè Entènasyonal la), 1945

17 Ki òganizasyon ki pi responsab pou aplike prensip ki dekri nan dokiman sa a?

- | | |
|----------------|-------------------------------|
| (1) Pak Vasovi | (3) Òganizasyon Mondyal Komès |
| (2) Nasyonzini | (4) Fon Monetè Entènasyonal |
-

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 18 ak 19.

. . . Nan pèspektiv sa a, Almay Lwès, ki sitiye nan sant Ewòp, e ki gen fwontyè ak Almay Lès kominis la ak Tchekoslovaki, te enpòtan anpil pou libète Ewòp Oksidantal la. Alye Lwès yo te bezwen pou Almay Lwès vin fò ankò, kòm yon ranpa [barikad] kont kominis. Lòt motivasyon yo pou yo te vle Almay vin fò se te pou diminye risk pou yon Almay fèb e fristre ta ka tonbe ankò nan ekstrèmis politik (jan sa te rive apre Premye Gè Mondyal la), epi pou diminye pri ekonomik pou Alye yo pou yo te oblije nourri ak sipòte yon Almay Lwès ki fèb ekonomikman. . . .

Sous: Jared Diamond, *Upheaval (Soulèyman)*, Little, Brown and Company, 2019

18 Ki deklarasyon pasaj sa pi byen sipòte?

- (1) Yon Almay Lwès ki fò pa t ofri okenn avantaj pou alye li yo.
- (2) alye oksidantal yo te byen akeyi enfliyans kominis la an Ewòp.
- (3) Pozisyon jewografik la te jwe yon wòl estratejik pandan Gèfwad la.
- (4) Konsiderasyon ekonomik yo pa t jwe okenn wòl nan politik Ewopeyen yo.

19 Ki evènman ki te mennen nan sitiyaasyon ki dekri nan pasaj sa a?

- (1) siyati Pak Nazi-Sovyetik la
- (2) ekspansyon Sovyetik la nan Ewòp de Lès
- (3) kriz misil Kiben an
- (4) efondreman Mi Bèlen an

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 ak 21.

. . . Tradisyonèlman, diri te yon manje debaz nan rejim alimantè Endyen an, epi rejyon kote yo te kiltive diri ki pi pwodiktif yo te nan sa ki t ap vin Pakistan. Avèk divizyon peyi Lend ak Pakistan an de peyi separe, anpil nan diri peyi Lend te konte sou yo a te vin tounen yon rekòt enpòtasyon ki koute byen chè. Lend te bezwen devlope pwòp sous manje li yo.

Depi 1905, syantifik Endyen ak Anglè yo t ap fè rechèch sou pi bon rekòt ak pratik agrikòl. Epi nan ane 1950 yo, Enstiti Santral Rechèch Diri nan Cuttack peyi Lend te devlope yon nouvo varyete ibrid yo rele ADT-27 ki te pwodui bon ogmantasyon nan pwodiksyon diri.

Men, li pa t ase. Depi 1956, peyi Lend te enpòte pi plis ble soti Ozetazini anba pwogram Manje pou Lapè a. Yo te bezwen enpòtasyon yo pou nourri pèp yo, kidonk preferans dyetetik yo t ap chanje. Anplis de sa, gouvènman Endyen an te okouran de siksè Dr. Norman Borlaug ak varyete semi-nen Meksiken yo. Yon kiltivatè Endyen ki rele M. K. Swaminathan te jwenn kèk nan varyete ble prentan Meksiken yo. Gen moun ki te panse kiltive varyete ble Meksiken an nan peyi Lend te ka pi pwodiktif pase varyete diri lokal yo. Konsa, an 1963 (avèk lajan Fondasyon Rockefeller) yo te mennen Borlaug nan peyi Lend ak Pakistan pou l te vizite enstalasyon kilti ble yo epi pou l te ba yo konsèy. Yo petèt jwenn plis pase sa yo te espere. . . .

Sous: Bill Ganzel, "India and Pakistan" (Lend ak Pakistan), Living History Farm, 2007

20 Devlopman yo dekri nan pasaj sa a gen plis rapò ak

- (1) kreyasyon Bank Mondyal la
- (2) siyati Pwotokòl Kyoto a
- (3) efè Revolisyon Vèt la
- (4) etablisman Lig Nasyon yo

21 Ki sitiyasyon ki te rive kòm rezilta devlopman yo dekri nan pasaj sa a?

- (1) Kwasans ekonomik nan peyi Lend te ralanti epi finalman li te estabilize.
- (2) Lend te kapab ogmante pwodiktivite rekòt yo pou nourri pèp li a.
- (3) Pifò moun te demenaje ale nan zòn riral nan peyi Lend pou yo te kòmanse fè agrikilti.
- (4) Endyen yo te kòmanse ekspòte ble Meksik ak lòt nasyon nan Amerik Latin nan.

Sèvi ak kwonoloji ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 ak 23.

15 avril: Lanmò Hu Yaobang

Ansyen chèf Pati kominis la, Hu Yaobang, yon refòm enpòtan, mouri akòz yon kriz kadyak a laj 73 an. Moun ki nan lapenn yo kòmanse rasanble sou Plas Tiananmen nan Beijing. Y ap ekspri tristès yo, men tou mekontantman yo ak rit refòm nan Lachin.

18-21 avril: Manifestasyon yo gaye

Nan jou annapre yo, kantite moun nan Beijing te ogmante rive nan plizyè milye, epi manifestasyon yo te gaye nan vil ak inivèsite nan tout peyi a.

Etidyan, travayè ak ofisyèl yo ap rele slogan pou mande plis libète ak demokrasi epi pou mete fen nan sa yo rele diktati a— gen lòt ki plenyen pou enflasyon, salè ak lojman.

22 avril: Moniman Hu a

Plizyè dizèn milye etidyan rasanble deyò Gran Sal Pèp la sou Plas Tiananmen pandan sèvis komemorasyon Hu a ap dewoule.

Aksyon yo rive malgre yon avètisman gouvènman vil la te bay anvan sa pou ke manifestan yo riske sibi pinisyon grav.

Yo pote yon petisyon ak demand epi ensiste pou yo gen yon reyinyon ak Li Peng—premye minis Lachin nan epòk la—yon bagay yo te rejte.

Sous: "Tiananmen Square Protests" (Manifestasyon Plas Tiananmen), BBC News, 2 jen 2014


22 Ki repons ki te rezilta aksyon ki te fèt nan kwonoloji sa a?

- (1) Gouvènman Chinwa a te mobilize lame a pou kraze manifestasyon yo.
- (2) Lagè Sivil Chinwa a te fini ak defèt nasyonalis yo.
- (3) Inyon Sovyetik ak Lachin te fè alyans kont Etazini pandan Gèfwad la.
- (4) Majorite inivèsite Chinwa yo te fèmen nan fen ane 1989.

23 Pi bon itilizasyon pou kwonoloji sa a se pou

- (1) detèmine konbyen etidyan ki te ale nan inivèsite Chinwa yo
- (2) esplike diferan politik lidè Chinwa yo Mao Zedong ak Deng Xiaoping
- (3) eta plent manifestan yo kont gouvènman Chinwa a
- (4) rakonte enpak endistriyalizasyon an sou travayè Chinwa yo

Sèvi ak desen ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou w reponn kesyon 24.



Sous: Jack Ohman, *Portland Oregonian*, desanm 2006

24 Ki deklarasyon desen sa a pi byen sipòte?

- (1) Pa t gen vyolasyon dwa moun ni nan Wannda ni nan Bosni.
- (2) Nasyonzini pa t kapab mete fen nan yon jenosid.
- (3) Krim kont limanite pa fèt ankò ann Afrik.
- (4) Nasyonzini te efikas kòm fòs lapè nan plizyè rejyon.

Sèvi ak pasaj ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25.

Nan 21yèm syèk la, revolisyon an ka pa pase sou televizyon—men dènye eksperyans montre li gen anpil chans pou l fèt sou Twitter, sou blòg, nan mesaj tèks, epi òganize sou Facebook.

Aprè yo fin analize plis pase 3 milyon twit, jigabayt kontni YouTube ak plizyè milye pòs blòg, yon nouvo etid dekouvri ke rezo sosyal yo te jwe yon wòl santral nan fòmè deba politik yo pandan Prentan Arab la. Konvèsasyon sou revolisyon souvan te pase anvan gwo evènman, epi rezo sosyal yo te gaye istwa enspiran sou manifestasyon atravè fwontyè entènasyonal yo.

"Prèk nou yo montre rezo sosyal yo te pote yon kaskad [anpil] mesaj sou libète ak demokrasi atravè Afrik Dinò ak Mwayen Oryan, epi yo te ede ogmante espwa pou siksè leve kanpe politik yo," dapre sa Philip Howard, ki se chèf pwojè a ak yon pwofesè asosye nan komunikasyon nan University of Washington, te deklare. "Moun ki te pataje enterè nan demokrasi te bati gwo rezo sosyal epi yo te òganize aksyon politik. Rezo sosyal yo te vin tounen yon pati enpòtan nan zouti pou plis libète." . . .

Sous: Catherine O'Donnell, "New Study Quantifies Use of Social Media in Arab Spring" (Nouvo Etid Meziye Itilizasyon Rezo Sosyal nan Prentan Arab la), *University of Washington News*, 12 septanm 2011

25 Ki deklarasyon pasaj sa pi byen sipòte?

- (1) Siveyans gouvènman an sou rezo sosyal la te diminye itilite li.
- (2) Twitter se te platfòm rezo sosyal ki te pi enpòtan pou revolisyonè yo.
- (3) Kontni YouTube pa t gen anpil efè sou enspire mouvman politik yo.
- (4) Itilizasyon rezo sosyal yo te ede ogmante sipò pou revolisyon yo.

Sèvi ak pasaj ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 26.

Lavi nan peyi Latiki

. . .Sou rèy Prezidan Recep Tayyip Erdogan, bagay yo amelyore. Kouzen zanmi m nan t ap montre nouvo Mercedes-Benz li a, li t ap vante tèt li pou èd leta fanmi li te resevwa ak byennèt jeneral li. "M ap viv tankou yon Ameriken isit la!" se sa li te di. Kidonk, natirèlman li t ap vote ankò pou Mesye Erdogan, ki gen plis pase de deseni depi l sou pouvwa. Anprizònman moun ki kritike gouvènman an? Li pa gen pou li enkyete l sou sa. . . .

Sous: Jochen Bittner, "I Live Like an American Here!" (Mwen viv tankou yon Ameriken isit la!), *New York Times*, 22 septanm 2020

26 Ki deklarasyon pasaj sa pi byen sipòte?

- (1) Dezakò ak politik gouvènman an gen anpil valè epi yo ankouraje li nan peyi Latiki.
- (2) Gouvènman yon sèl moun alontèm lakòz egalite nan sosyete Tik la.
- (3) Gouvènman Tik la te mete aksan sou devlopman ekonomik anvan pwoteksyon dwa moun.
- (4) Lè l swiv politik lib mache a, Latiki te kapab ogmante popilasyon li.

Sèvi ak pasaj ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.

Mwen te nan Afganistan nan kòmansman ane 2003 a, epi nan epòk sa a, prèske pa te gen okenn rebelyon. Te gen yon optimis ki te fò anpil sou yon demokrasi ki te prèske sanble ak sa Jefferson te defann, epi sou direksyon peyi a t ap pran — egalite ant sèks yo, dwa pou tifi ak fanm, ak kapasite pou moun patisipe nan yon pwosesis politik ki ouvè e ki reprezante tout popilasyon an. Tout sa yo te sanble yo te posib.

Atravè ane yo nou te ajiste atant nou, epi ti kras pa ti kras nou te vin kwè, ebyen, tout sa se te yon rèv ki pa t gen anpil chans reyalize, men omwen, sa nou te kapab espere, se yon fòm demokrasi ki pa konplè, ki gen koripsyon ak tout lòt kalite pwoblèm ladan l. Men omwen Afgan ki nan vil yo, se sèten, sanble yo te an sekirite. Yo konnen gen anpil pwogrès ki fèt nan 20 dènye ane yo nan Afganistan, e sa te ban m espwa. Epi, se sèten, pandan kèk dènye ane yo, espwa sa yo te bese. Epi nan dènye jou sa yo, yo kraze yo nèt. . . .

Sous: Elizabeth Harris, "There Is So Much More to Afghanistan: Khaled Hosseini Reflects on His Birthplace" (Gen anpil lòt bagay ankò nan peyi Afganistan: Khaled Hosseini Refl echi sou Kote Li pran Nesans), *New York Times*, 18 out 2021

27 Dapre pasaj sa a, ki prèk ki pi byen sipòte deklarasyon Khaled Hosseini te fè sou Afganistan an?

- (1) Refòm demokratik yo pa dire lontan an Afganistan.
- (2) Taliban yo te pwomèt pou yo gen plis tolerans anvè edikasyon fanm yo.
- (3) Nasyon oksidantal yo te anpeche Taliban yo pran pouvwa a.
- (4) Plizyè dizèn ane lapè pa chanje anpil nan vil Afgan yo.

28 Dapre pasaj sa a, ki deklarasyon ki pi byen dekri pwennvi Khaled Hosseini a?

- (1) Plizyè ane travay pou aplike demokrasi ann Afganistan te ranvèse byen vit.
- (2) Gouvènman Afgan an te bezwen yon minimòm sipò ekstèn pou l fonksyone kòmsadwa.
- (3) Majorite Afgan yo pa vle chanje enstitisyon politik yo.
- (4) Patnè OTAN yo pa t fè ase pou derasinen koripsyon nan gouvènman eli a.

Ekri repons ou pou kesyon 29–34b nan espas yo bay la. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonce pou reponn kesyon sa yo.

Pati II

KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak Seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di mete yon non sou oswa bay non.

Eksplike—vle di rann yon bagay klè oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz ki lakòz yon bagay; montre devlopman lojik oswa relasyon ki genyen ant bagay yo.

Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 29 la itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)

Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 32 a itilize Dokiman 1 (Kontèks)
 - Kesyon 33 la itilize Dokiman 2 (Sous)
 - Kesyon 34a ak 34b yo itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)
-

Enstriksyon KPK Seri 1 (29–31): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 29.

Dokiman 1

. . .Britanik yo te vini epi yo te ale, epi lè yo te ale, sant la pa t ka kenbe, epi bagay yo te kraze. Anfèt, pa t gen yon vrè sant, rejyon an te toujou divize pa ansyen disparite [diferans] lang Punjab ak Gujarat yo, mòn ak dezè yo, epi Islam ak Endouyis. Rive nan lane 1947, fòs nasyonalis apre kolonyaizasyon ak separatis relijye yo te kraze soukontinan an de, epi pita an twa, gwo moso; Lend, Pakistan ak Bengladèch. Britanik yo, ki te fatige apre de gè mondyal, epi ki te konnen jou anpi a te prèt pou fini, pa t kouvri tèt yo ak glwa lè yo t ap kite peyi a.

Nan dat 3 jen 1947, yo te fè anons sa a nan Chanm Komin nan: Britanik yo t ap retire kò yo—yo t ap divize peyi Lend an de domèn endepandan: peyi Lend ak Pakistan. Swasant-trèz jou apre, 15 out, yo te prèske disparèt nèt. . . .

Sous: Tim Marshall, *Prisoners of Geography (Prizonye Jewografi)*, Scribner, 2015


29 Eksplike sikonstans istorik ki te mennen nan chanjman ki dekri nan pasaj sa a. [1]

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30.

Dokiman 2

Margaret Bourke-White te yon fotograf ameriken ki te travay kòm korespondan nan peyi Lend pou magazin *Life* . Li te travay ak Sunil Janah, natif natal Kalkita. Ansanm, yo te dokimante transfòmasyon soukontinan an nan ane 1940 yo. Yo te pran foto sa a pandan de dènye jou nan mwa out 1947 la.



Mizè moun ki defavorize yo reflekte nan figi ti gason Mizilman sa a, li chita sou miray fòtrès Purana Qila nan New Delhi. Anba l, gen plizyè milye nan kanmarad li yo ki malere, ki te kouri kite kay yo akòz laperèz, k ap eseye chape jiskaské yo ka òganize yon konvwa pou mach byen long lan pou ale Pakistan. Nan vil mizerab yo a ki gen tant ak abri, yo prèske pa gen plas pou yo dòmi e yo pa gen anpil plas pou yo manje. Yo antoure ak salte epi anpil ladan yo pral mouri san yo pa janm kite kan an.

Sous: Margaret Bourke-White, *Life*, 3 novanm 1947

- 30 Eksplike kijan odyans lan afekte fason Margaret Bourke-White prezante sitiyasyon Mizilman yo nan New Delhi, baze sou foto sa a. [1]

Score

Sèvi ak prèw ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

Kòz—fè referans a yon bagay ki kontribye nan rive yon evènman, leve yon lide, oswa pwovoke yon devlopman.

Efè—refere a sa k rive kòm konsekans (rezilta, enpak, rezilta) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

- 31 Idantifye **epi** eksplike yon rapò kòz-ak-efè ant evènman ak/oswa ide ki nan dokiman sa yo. Asire w ou itilize prèw ki soti nan Dokiman 1 **ak** 2 nan repons ou a. [1]

Score

Enstriksyon KPK Seri 2 (32–34b): Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.

Dokiman 1

. . .Yon fwa li tounen Leicestershire, sepandan, Cartwright te dekouvri ke lide pou envante yon machin pou tise te fin pran rasin byen fon nan lespri li.

"Sa frappe m," li te ekri, "ke menm jan ak trikote twal senp, selon fason mwen te konprann metye a lè sa a, depi te gen sèlman twa mouvman ki te dwe swiv youn apre lòt, pa t ap gen anpil difikilte pou repwodui yo epi repete yo."

"Ranpli ak ide sa yo, mwen te anplwaye yon chapant ak yon bòs fòjeron touswit pou mete yo an aplikasyon. . . . Pou gwo kontantman mwen, yon moso twal, jan l te ye a, se sa ki te pwodui a. . . ."

Malerezman, premye machin Cartwright sa a pa t yon siksè ditou, e an reyalye li te pi lan nan operasyon li pase tisaj ki fèt alamen.

Malgre sa, li te mache epi li te pwouve ke pwodui twal koton pa mwayen mekanik te yon posiblite. Tout sa Cartwright te gen pou fè kounye a se te amelyore epi rafine pwosesis la.

Sa te pran yon seri amelyorasyon ak nouvo patant anvan, finalman an 1788, machin li a te rive nan yon nivo kote twa pwosesis ki fòme tise a—ouvèti fil yo, voye lans la, ak rale tisi a—te kapab fèt ak vitès ak efikasite ki te sifi. . . .

Sous: "Edmund Cartwright & the Invention of the Power Loom," (Edmund Cartwright & Envansyon Machin Tise Mekanize a), Our Nottinghamshire, 9 me 2013

32 Eksplike sikonstans istorik ki te mennen nan devlopman ekonomik yo dekri nan ekstrè sa a. [1]

Score

Sèvi ak dokiman 2 ki anba a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.

Dokiman 2

An 1832, Palman Britanik la te mande yon ankèt sou kondisyon travay nan faktori yo. Sa a se yon ekstrè nan Rapò Komisyon Ankèt sou Faktori yo sou Kondisyon Faktori yo nan Ekòs.

. . . An Ekòs, jeneralman, yo te jwenn ant douz a douz èdtan edmi travay, men nan kèk distri yo te travay plis pase trèz èdtan, epi nan sèlman kèk faktori, dis èdtan ak yon semèn senk jou, byenke pifò faktori yo te fini bonè nan samdi pou pèmèt anplwaye yo achte pwovizyon. Tan yo te bay pou repa nan travay la te varye ant inèdtan pou dejene, inèdtan edmi pou dine, ak yon demi èdtan pou chak poz. Yo te konn pase yon pati nan poz dine a ap netwaye machin fiks yo. Anpil travayè te prefere kontinye travay pandan lè repa yo epi kite bonè. Sa ka vle di yon jounen travay sèz èdtan.

Kèk nan ansyen izin yo pa t gen ase ekleraj ak vantilasyon, anpil te gen twati twò ba pou travayè yo te ka kanpe dwat, epi pasaj etwat ant machin san pwoteksyon.

Kondisyon sanitè yo pa t bon tou, pa t gen ase latrin [twalèt], tou de sèks te itilize, yo pa t gen bon jan pwoteksyon e yo pa t gen vantilasyon.

Nouvo izin yo te pi bon epi kèk modèl izin, tankou sa Robert Owen nan New Lanark, te resevwa anpil felisitasyon.

Komisyonè yo te jwenn an jeneral, Ekòs te gen jounen travay yon èdtan anplis pase Angletè, epi timoun yo te souvan twò fatige pou yo manje epi, lè yo reveye nan maten, yo pa t kapab abiye poukont yo. Yo te konsidere Ekòs kòm zòn ki pi mal pou mechanste sou timoun epi fatig yo souvan te lakòz aksidan grav ak machin yo. Timoun yo te souvan twò fatige pou yo al lekòl kote yo te bay li a, epi anpil nan moun yo te egzamine yo te panse nivo edikasyon yo te an bès.

Sous: Factories Inquiry Commission (Komisyon Ankèt sou Faktori yo), *First Report of the Central Board (Premye Rapò Konsèy Santral la)*, 1833

33 Eksplike objektif rapò Komisyon Ankèt sou Faktori 1833 a ki baze sou ekstrè sa a. [1]

Score

Sèvi ak **toude** Dokiman 1 ak 2 ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 34a ak 34b.

Evènman Detèminan—se yon gwo evènman, ide, oswa devlopman istorik ki pote gwo chanjman.
Li kapab lokal, rejyonal, nasyonal, oswa mondyal.

34a–34b Sèvi ak prèv ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 ak sa ou konnen nan syans sosyal pou:

- a) Idantifye yon evènman detèminan ki asosye dirèkteman avèk devlopman istorik yo jwenn nan Dokiman 1 **ak** 2 yo. [1]
- b) Eksplike kijan evènman detèminan ou idantifye a te kreye chanjman enpòtan, lè w sèvi ak prèv ki soti nan Dokiman 1 **ak** 2 yo. [1]

34a Score

34b Score

Pati III

(Kesyon 35)

REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Enstriksyon: Li epi analize chak nan senk dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan yon entwodiksyon, plizyè paragraf ak yon konklizyon. Sipòte repons ou ak enfòmasyon ki enpòtan, egzanp, ak detay ki soti nan konesans ou nan syans sosyal ansanm ak prèv ki nan dokiman yo.

Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante rezoud ak divès degre siksè.

Sa pou w fè:

- Idantifye **epi** eksplike yon pwoblèm pèsistan ki soulve nan seri dokiman sa yo
- Defann poukisa pwoblèm ou chwazi a enpòtan **epi** kijan li te kontinye egziste atravè tan an lè w sèvi ak sa w konnen nan syans sosyal ak prèv ki soti nan dokiman yo.

Nan redaksyon w, asire w

- Idantifye pwoblèm pèsistan an baze sou yon entèpretasyon istorikman egzat sou *omwen twa* dokiman
- Eksplike pwoblèm nan avèk prèv ki enpòtan ki soti nan *omwen twa* dokiman .
- Bay agimante pou montre sa se yon gwo pwoblèm ki te pèsiste lè w montre:
 - Kijan pwoblèm nan afekte moun oswa ki jan moun afekte l
 - Kijan pwoblèm nan kontinye egziste oswa kijan li chanje avèk letan.
- Mete ladan l enfòmasyon ekstèn ki enpòtan nan sa w konnen nan syans sosyal.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

Idantifye—vle di mete yon non sou oswa bay non.

Eksplike—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon ak yon bagay.

Agimante—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèv ak rezon pou sipòte yon konklizyon.

Dokiman 1

. . . Napoleon te sipèvize kontinyasyon yon peryòd lagè pwolonje ke gouvènman revolisyonè fransè yo te kòmanse. Efè destabilizasyon Revolisyon Fransèz la te fè anpil gwo pisans vire kont Lafrans. Malgre konfli sa yo te ka konsidere kòm yon seri batay separe, an reyalyte se te yon sèl gwo lagè ki te dire lontan kote Lafrans te toujou ap goumen san rete. . . .

Karyè Napoléon te kòmanse nan ekipman atiri nan yon epòk kote branch sa a t ap fè gwo pwogrès. Yo te fè zam pou yo te pi pisan ak pi mobil. Akòz yon konbinezon devlopman teknolojik ak chanjman taktik Napoléon te mennen, ekipman atiri te vin jwe yon wòl ki pi destriktif pase tout tan anvan. Lane franse a nan Leipzig te tire senk fwa plis boulèt kanon pase yo te tire nan Valmy venteyen ane anvan. Rezilta kanon sa yo se te plis kadav nan yon kontaj brital. . . .

Pifò tantativ pou kalkile pri lagè Napoleon yo te konsantre sou sòlda yo, men vyolans lan te gen yon gwo efè tou sou popilasyon sivil yo.

Pandan gwo lane t ap pilonnen kontinan an, yo te kite yon tras destriksyon dèyè yo. Yon pati nan sa te rive akòz mank manje. Pote tout manje [pwovizyon] ki nesèsè pou gwo lane sa yo ta yon gwo efò, kidonk lane yo te viv sou sa tè a te pote. Fèm ak kominote antye yo te rete san manje.

Sa te pi rèd nan zòn kote yo te itilize taktik boule tè yo, sitou nan peyi Larisi. Pou anpeche Fransè yo jwenn pwovizyon, Lane Ris la te devaste peyi a. Yo te mete dife nan vil Moskou olye pou yo te kite Fransè yo jwenn sa yo te bezwen la.

Taktik sa yo lakòz grangou ak lanmò pou moun òdinè yo. Diskisyon ak sòlda k ap chèche manje yo te lakòz zak vyolans. Obligatwaman, soufrans konsa pa t jwenn anpil rapò.

Plizyè milyon sòlda ak sivil te mouri pandan Lagè Napoleon yo. Chanjman politik ak teknolojik yo te fè konfli a vin espesyalman devastatè. Se te yon siy ki anonse sa ki te gen pou vini nan epòk gè total la.

Sous: Andrew Knighton, "The Meat Grinder of War—Why the Napoleonic Wars Cost So Many Lives" (Moulen Vyann Lagè a - Poukisa Lagè Napoleon yo te Koute Anpil Lavi), War History Online, 28 desanm 2016

Dokiman 2

. . . Lè n prèske rive nan fen mwa novanm nan, pandan Winston Churchill te Lonn, li te aprann bon zanmi li, Hugh Dawnay, te mouri nan konba. Li te resevwa tou yon lèt nan men yon zanmi pwòch ak yon lòt manm Palman an, Valentine Fleming, ki t ap sèvi sou Fron Lwès la, epi li te chèche dekri sèn nan. Fleming te ekri: “Premye bagay, e ki pi enpresyonan, se ravaj pwisans ekipman atiri modèn yo koze yo ki vrèman endeskriptib, pa sèlman sou tout moun, bèt, ak batiman ki nan zòn li frape a, men sou lanati li menm. Imajine yon gwo senti, apeprè dis miles lajè, ki soti nan Chanèl la rive sou fwontyè Alman an toupre Basle, ki kouvri nèt ak kadav gason epi makonnen ak mak tonm yo fouye bridsoukou; kote fèm, bouk ak kay tounen pil debri wòch ki vin tounen chabon; kote jaden, wout ak pyebwa yo chire, fann, tòde anba kout obi, epi kote kadav cheval, bèf, mouton ak kabrit gaye toupitou nan tout pozisyon ki fè moun degoute akòz jan yo defòme ak demanbre.” Nan zòn sa a, lajounen kou lannwit te vin tounen yon “kochma akòz tout kalite pwojektil ap frape san rete [konstan], sifle, ak gwo bri; akòz kolòn lafimen ak flanm dife ki te parèt menasan; akòz rèl gason ki blese; akòz kriye bèt yo, tout kalite bèt, ki te abandone, ki te grangou, petèt blese tou”, dapre sa l te kontinye pou l di. . . .

Sous: Martin Gilbert, *The First World War (Premye Gè Mondyal la)*, Henry Holt and Company, 1994

Dokiman 3

Hiroshima Anvan ak Apre Bonbadman Atomik la



Sous: United States Strategic Bombing Survey
(Sondaj sou Bonbadman Estratejik Etazini), 1945



Sous: Yoshito Matsushige, 6 out 1945

Dokiman 4

. . .Soti nan 1961 rive 1971, lame ameriken an te flite yon seri èbisid sou plis pase 4.5 milyon kawo tè nan Vyetnam pou detwi kouvèti forè ak rekòt manje ke twoup lènmi Nò Vyetnamyen yo ak Viet Cong yo te itilize.

Yo te deplwaye avyon ameriken pou wouze wout, rivyè, kanal, jaden diri ak tè agrikòl ak yon melanj èbisid pisan. Pandan pwosesis sa a, rekòt ak sous dlo popilasyon natif natal ki pa konbatan nan Sid Vyetnam nan te itilize yo te afekte tou.

Antou, fòs ameriken yo te itilize plis pase 20 milyon galon èbisid nan Vyetnam, Laos ak Kanbòdj pandan ane Operasyon Ranch Hand yo. Yo te flite èbisid tou ak kamyon ak vaporizatè men toutotou baz militè ameriken yo. . . .

Sous: "Agent Orange (Ajan Orange)," History, 2 out 2011

Dokiman 5

Tankou nenpòt jèn gason nòmal ki nan 15 zan, Ahmed Jassim rete kole sou telefòn entelijan li, ap gade videyo mizik epi jwe jwèt. Nan salon modès fanmi li a ak mi beton nwa, limyè ki soti nan ekran telefòn nan klere bèl figi mèt [malad] li a.

Men kontrèman ak kanmarad li yo, Ahmed pa soti deyò pou jwe foutbòl oswa pou monte kap. Aktivite senp yo fatige l byen vit paske kè l domaje nèt, akòz li te respire lafimen ki te kouvri vil sa a ki te gen kiltivatè ak bèje apre militan Eta Islamik yo te mete dife nan pi petwòl ki toupre yo.

"Li rayi lavi. "Li jis rayi lavi a," se sa manman l, Rehab Fayad, te di avèk tristès. "Sa pa sèlman afekte l fizikman, men tou sikolojikman." . . .

Anprent Eta Islamik la sou anviwònman Irak la ka san parèy e pèmanan, ak yon eritaj toksik ki gen ladan lanmò bèt sou yon gwo echèl, jaden ki pa bay rekòt moun ka manje ankò ak konplikasyon respiratwa kwonik lakay timoun ak granmoun aje yo, dapre doktè ak ekspè yo. . . .

Sous: El-Ghobashy and Warrick, "The Islamic State's Toxic Farewell: Environmental Sabotage and Chronic Disease" (Dènye Orevwa Toksik Eta Islamik la: Sabotaj Anviwònmantal ak Maladi Kwonik), *Washington Post*, 4 fevriye 2018

PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon an pou planifye repons ou si ou swete sa, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekri sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Pwoblèm Pèmanan mwen an se: _____

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Antoure dokiman ki koresponn yo	Youn oswa de ide posib pou enfòmasyon ki pa nan dokiman an
Èske gen <i>omwen twa</i> dokiman ki kore pwoblèm sa a? Ki dokiman yo ki kore pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Ki dokiman ki ka sèvi pou w bay esplikasyon anrapò ak pwoblèm sa a?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te afekte siyifikativman moun oswa èske moun te afekte li? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	
Èske pwoblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan? Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1 2 3 4 5	

Retounen nan paj **25** an pou w regade egzèsis sa la.

Ekri redaksyon ou sou paj ki gen liy yo nan ti liv redaksyon an.

